

AVI KONTE MIAMI-DADE SOUMÈT YON APLIKASYON POU SIBVANSYON NAN DEPATMAN OPÒTINITE EKONOMIK FLORID ANBA PWOGAM REBATI ENFRASTRIKTI JENERAL FLORID

ENFÒMASYON AVI PIBLIK

Nou fè Piblik la konnen ke Konte Miami-Dade va soumèt yon aplikasyon pou Pwogram Rebati Enfrastrikti Jeneral Florid (GIP) bay Depatman Opòtinite Ekonomik Florid nan dat 17 septanm 2021. Fon sa yo te disponib nan Eta a pou zòn dezaz ki nan deklarasyon prezidansyèl la. Nan mwa avril 2018, Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) te anonse ke eta a ta resevwa \$633,485,000 finansman pou sipòte efò alontèm alèjman (apre siklòn Hermine, Matthew, ak Irma) atravè Pwogram Community Development Block Grant Mitigation (CDBG-MIT) HUD la. Nan dat 2 fevriye 2021, HUD te anonse yon lòt \$46.9 milyon finansman federal alèjman pou kominote ke siklòn Michael i te afekte, pou yon alokasyon total CDBG-MIT \$680,385,000. Fon sibvansyon yo dwe finanse pwogram alèjman katastwòf pou pwoteje Florid pi byen kont katastwòf ki ap vini. Anba Pwogram GIP a, gen yon total \$175 milyon ki disponib nan Faz 2 pou finanse envestisman ki chita sou done atravè pwojè a gran enpak ki va redui risk ki ka mache ak katastwòf natirèl, avèk atansyon patikilye a pèt repetitif pwopriyete ak enfrastrikti enpòtan. Aplikasyon pou sibvansyon Konte Miami-Dade la ap chache yon demann sibvansyon \$14 Milyon CDBG-MIT.

Yo va itilize lajan sibvansyon yo mande a pou fè amelyorasyon enfrastrikti nan "Kanal Segondè" anba kontwòl Konte Miami-Dade nan Basen C-7. Pwojè a gen objektif pou korije defisyans an elevasyon nan yon total sis (6) kanal segondè, oswa apeprè sis (6) mil. Amelyorasyon yo pwopoze yo gen ladan ogmante elevasyon arebò rivyè yo ak fè amelyorasyon nan dren yo pou amelyore kapasite kanal ak kapasite konveyans lè yo sèvi avèk kritè pou kondisyon a lavni nan ka yon ogmantasyon nivo lanmè an 2060. Pwopozisyon an gen ladan tou amelyorasyon nan sorti ki deja egziste nan segman kanal segondè sa yo pou amelyorasyon kalite dlo.

Sistèm kanal segondè a se responsablite Konte Miami-Dade. Pandan peryòd apati 1996, yo te devlope ak fè mizajou modèl nimerik dlo lapli pou chak basen vèsan nan Konte Miami-Dade. Mizajou plan prensipal dlo lapli sa yo idantifye kantite dlo, defi kalite dlo ak estrateji pou bese enpak yo sou Biscayne Bay, sou pwopriyete Konte a, ak rezidan yo. Yo itilize modèl nimerik yo pou fasilite evalyasyon drenaj ak senaryo kalite dlo. Dènye mizajou konplè 2019-2020 nan Plan Prensipal Dlo Lapli a te idantifye nesosite amelyorasyon nan plizyè kanal segondè pou amelyore kapasite nan tout sistèm kanal segondè Konte a. Pri pwojè a estime a \$14 Milyon.

Aplikasyon pou sibvansyon an afiche sou entènèt nan <http://miamidade.gov/grants>. Pou pèmèt pou yon Peryòd 14 jou pou Komantè Piblik jan pwogram HUD's CDBG-Mitigation Etazini egzije sa anba Lwa Piblik 115-123 HUD, Depatman Florid Opòtinite Ekonomik egzije Avi Piblik sa a. Yo va resevwa kòmantè yo apati 2 septanm 2021 jiska 9 AM nan dat 16septanm 2021. Pou aplikasyon ak kòmantè ekri, kontakte Daniel T. Wall, Direktè Adjwen. Adrès imel la se Daniel.Wall@miamidade.gov.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Alèjman Rebati Florid yo sou entènèt pou revizyon nan <https://floridajobs.org/rebuildflorida/mitigation>.

Konte Miami-Dade pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, koulè, relijyon, eta sivil, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, ekspresyon sèks, idantite seksyèl, laj, gwosès, estati familyal, sous revni, aktyèl oswa konnen estati kòm yon viktim vyolans domestik, vyolans mennaj oswa aksè, admisyon, pwogram oswa aktivite anplwa. Si ou bezwen yon entèprèt lang siy oswa materyèl nan fòm aksesib pou evènman sa a, rele (786) 469-4157 omwen senk jou davans. Itilizatè TDD / TTY ka kontakte Sèvis Relè Florid nan 800-955-8771.

Pou piblisite legal sou entènèt, ale nan <http://legalads.miamidade.gov>